

Sévis Projè

Projè Legal Pou Sipòte Moun ki Gen Sida ki nan Legal Services of Greater Miami, Inc. Bay asistans legal a moun ki gen HIV/SIDA ki pa an mezi pou pran on avoka prive. Tout sèvis legal yo gratis a klyan ki elijib ki genyen Referral Sètifye “Ryan White Part A” sot nan men “case manager” yo.

Problèm Legal ki Trete pa Projè Legal Pou Sipòte Moun ki Gen Sida

Projè Legal Pou Sipòte Moun ki Gen Sida bay asistans legal pou rezoud problèm nan zòn ki dekri nan dokiman sa a. Si ou genyen on problèm legal ki pa dekri la a, kontakte Mandy Mills, ki se Koòdinatè ALAP nan 305-438-2437 o sinon MMills@LSGMI.org pou diskite ki sa ki pou fèt.

Travay

- Refize benefis “unemployment compensation.”
- Diskriminasyon travay enkli la dan li revokasyon ki pa jis, promosyon règleman ki pa jis, o sinon environman travay ki ostil pa rapò a moun ki gen diagnostik o sinon stati HIV.
- Si ou bezwen akomodasyon espesyal nan travay ou a a koz sante ou mande “case manager” ou a pou refere ou a ALAP pou ou pale ak on avoka konsènan dwa legal ou.

Benefis Gouvènman

- Refi, rediksyon o sinon tèminasyon benefis gouvènman tankou “food stamps,” “cash assistance” tèmporè, “Supplemental Security Income” (SSI), “Social Security Disability Insurance” o sinon “Social Security retirement benefits.”
- Si ou ap fè progrè de fason medikal o sinon si yo konsidere ou ka retounen travay, mande “case manager” ou a pou li refere ou a ALAP pou ou ka rankontre ak on avoka pou diskite kijan sa pral afekte ou si ou kontinye resevwa benefis a lavni.
- Pèdi idantifikasyon ou epi dokiman imigrasyon pou ou ka resevwa benefis gouvènman.
- Modifikasyon “Child support” Pou evite sezi benefis dizabilite ou.

Planifye de fason Pèmanan

- Kompoze bagay sa yo: Pwokirasyon, Deziyen on moun ki pou pran desizyon pou sante ou si ou pa kapab, Testaman pannan ou vivan epi lòt kalite preparasyon enpòtan.
- Ekri Testaman epi Dènnye Volonte ou.
- Prepare opsyon gad legal depandan ou yo, enkli tou moun ke ou gen gad yo deja, Gad timoun ou geneyn ansanm ak on lòt moun o sinon adopsyon.

Swen Sante epi Asirans

- Refi o sinon tèminasyon Mediked o sinon sèvis kouvraj-Mediked.
- Tèminasyon kòvrej “Medicare” a koz nonpeyman “premium.”
- Chèche, mentni, epi achete asirans prive, epi refi kouvraj asirans prive a koz kondisyon ki te deja ekziste.
- Problèm ki gen a wè a swen sante enkli la dan li “Jackson Memorial Hospital” epi “Public Health Trust.”
- Problèm pou ou resevwa tretman medikal aprè ou fin-n libere soti nan on fasilite koreksyonèl.
- Swen sante ki bay de fason ki pa apropnye delivre enfòmasyon konfidansyèl.
- Dèt koleksyon medikal.

Adopsyon/Sèvis Gad Timoun

- Problèm ki gen pou wè ak opsyon preparasyon gad legal depandan, enkli la dan li gad timoun, gad timoun ke ou pataje ak on lòt moun o sinon adopsyon.



Elijibilite

Elijibilite pou ou resevwa sèvis legal gratis a travè ALAP ou dwe bay “Ryan White case manager” ou a:

- * prèv medikal stati HIV ou
- * prèv ke revni kay ou nan limit 200% nivo povrete federal la, epi,
- * prèv ke ou abite nan Konte Miami-Dade de fason pèmanan.

“Ryan White Part A Referral”

On fwa ke ou bay “case manager” ou a prèv ke ou elijib pou sèvis, “case manager” ou a pral ba ou on fotokopi papye on “Ryan White Part A Certified Referral” a Legal Services of Greater Miami, Inc. Pote referal la nan Legal Services of Greater Miami, Inc.

Evalyasyon pou Elijibilite ou chak Sis Mwa Obligatwa

Chak sis mwa ou dwe bay “case manager Ryan White” ou a prèv ke ou kontinye elijib finansyèman pou ou ka resevwa sèvis “Ryan white,” epi ke ou kontinye abite nan Konte Miami-Dade. Si ou pa fè sa, ou pa pral elijib ankò pou ou resevwa sèvis legal gratis.

TANPRI NOTE: Projè Legal Pou Sipòte Moun Ki Gen Sida paka bay asistans legal gratis san on Referal Sètifye “Ryan White Part A” epi on Evalyasyon pou Elijibilite ou chak Sis-Mwa ke “case manager” ou a ba ou.

Legal Services of Greater Miami, Inc.

Lokalite Biro yo

Rele biro ki pi prè ou a pou enfòmasyon konsènan lé biro nou opere, epi pou ou ka aranje ou pou ou rankontre ak on avoka. Si ou pa ka vini nan biro nou a koz sante ou, o sinon si ou bezwen aranjman espesyal pou ou gen aksè ak sèvis nou yo, tanpri kontakte Mandy Mills, Koòdinatè ALAP nan 305-438-2437 o sinon nan Mmills@LSGMI.org.

Biro Prinsipal

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500
Miami, FL 33137
Telefòn: 305-576-0080

South Dade Law Center

11285 SW 211th Street, Ste. 302
Miami, FL 33189
Telefòn: 305-232-9680

Miami Worker’s Center Neighborhood Office

6127 N.W. 7th Avenue
Miami, FL 33127
1er epi 3zyèm Madi nan mwa a
4:00 pm-7:00 pm
Rele Biro Prinsipal nou pou plis enfòmasyon



PROJÈ LEGAL POU SIPÒTE MOUN KI GEN SIDA

Legal Services of Greater Miami, Inc.
3000 Biscayne Blvd., Swit 500
Miami, FL 33137-4129
(305) 576-0080

www.lsgmi.org

